

Byenvini O Kanada



LOJMAN O KANADA



Avan w decide ki kote w ap viv o Kanada, chache konnen ki jan kay yo ye, decide ki sa w bezwen kòm kay, epi chache konnen ki vil ak ki katye k ap bon pou ou.

KALITE KAY YO

Gen diferan tip kay o Kanada. Kay yo chè, sitou nan gran vil yo, e sa ka yon difikilte pou w jwenn yon kay meyè mache, swa yon apatman alwe oubyen yon mezon ki satisfè ou. Avan w decide sa w ap fè, konsidere konbyen kòb ou genyen ak preferans kay ou bezwen nan limesya pou w rete pou yon bon tan. Si w tann se lè w rive pou w chache kay, ou ka oblije chache yon lojman pwovizwa. Nan tip lojman pwovizwa yo nou genyen otèl, otèlri ak lojman prive ke ou ka lwe pou yon titan.

Refij dijans disponib pou moun ki nan kriz, tankou moun ki nan yon relasyon e ki ap sibi vyolans, oubyen moun ki nan lari san kay. Ou kapab chache anliy pou w jwenn Refij dijans ki tou prè ou.

KAY POU MOUN KI GEN BEZWEN ESPESYAL

Gen kay apwopriye pou moun ki nan kriz ou pou moun ki gen bezwen espesyal. Pami yo, nou ka jwenn moun k ap sibi vyolans nan relasyon yo, moun ki nan lari, ki pèdi kay yo nan dife oubyen nan yon katastwòf natirèl. Li kapab tou pèsòn aje ki bezwen soutyen medikal pèmanan.

CHACHE YON PLAS POU VIV

Lè w ap chache yon kote pou w viv, gen 2 bagay ki enpòtan : zòn nan ak pri a. Ou kapab vle abite tou prè travay, lekòl, magazen, kote ou adore, sant kominotè oubyen transpò piblik yo.

Ou ka chache anliy, ou ka ale vizite an pèsòn, epi mande zanmi ak fanmi sou diferan kote moun ka viv. Nouvo kominote kote ou ye a kapab genyen enfòmasyon sou lojman nan sitwèb yo.



Immigration, Refugees
and Citizenship Canada

Immigration, Réfugiés
et Citoyenneté Canada

Canada

LWAYE

Gen diferan tip kay pou lwe nan Kanada, tankou apatman nan gran bildin', kay annantye oubyen yon chanm kay yon moun.

Lè w lwe yon kay, ou vin yon "lokatè". Ou peye lwaye a bay "pwopriyetè" a ki posede kay ou lwe a. Ou menm ak pwopriyetè a va siyen yon kontra ekri; se yon dokiman legal ki eksplike detay aranjman nou fè pou kay la. Fè sèten ke ou konprann dokiman sa a avan ou siyen li. Chak pwovens ak tèritwa gen lwa pa li sou zafè lojman ki bay detay sou dwa ak responsabilite lokatè ak pwopriyetè.

KI BÒ W KA JWENN ENFÒMASYON

Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb Sosyete Lojman ak Mogej Kanada (**Canada Mortgage Housing Corporation**) : [Information sur le logement pour les nouveaux arrivants au Canada](#) (paj wèb sa a disponib nan plizyè lang). Ou kapab ale chache enfòmasyon ki disponib nan meri kote w chwazi viv la.

Ajans ki ede moun tabli yo ka gide w pou jwenn resous ak soutyen ki disponib nan kominote ou a. Ajans sa yo ofri plizyè pwogram ak sèvis pou ede nouvo arivan yo aprè yo fin rive o Kanada. Yo ka ede w jwenn yon lojman. Pou w jwenn yon ajans nan kominote ou a, ale sou sit : [Nouveaux arrivants : Trouvez des services gratuits près de chez vous](#) (paj wèb sa a disponib an anglè e franse).



Chache sèvis ki ede moun tabli nan kominote ou a :

